



Cò ponpye, Vil New York
EDIKASYON SOU SEKIRITE KONT INSANDI

KINBE TIMOUN YO AN SEKIRITE

Èske pitit ou
ap jwe ak



Pi fò timoun piti kirye natirèlman nan afè dife. Yo vle konnen sa dife sanble ak ki sansasyon li bay lè yo manyen l, ki sa li ka fè, epi kòman lap pwal boule.

Timoun ansanm ak timoun piti mete milye dife nan kay chak ane paske yap jwe ak alimèt, brikè, oswa bouji. Laj mwayèn moun ki mouri nan kalite dife sa yo se kat an.

Pi fò dife ke timoun mete paske yap jwe ak brikè, alimèt ak bouji gen tandans kòmanse nan chanb. Bagay ki limen pi souvan se matla ak bagay ki kouvri kabann. Sak pi grav la sèke timoun gen tandans cache anba kabann oswa nan yon bifèt lè dife pran nan kay—espesyalman si se yo ki kòmanse mete dife a.

Sèlman di timoun “pa jwe ak alimèt oswa brikè” pa kont. Paran ak moun ki ap okipe timoun ki entelijan nan afè dife kapab pwoteje timoun kont dife epi anpeche yo boule.



Se pou yo aprann on jèn timoun pou li pa janm jwe ak alimèt, brikè pou limen sigarèt, oswa brikè ki atoufè.

Èske pitit ou konnen sa pou l fè anka ke gen dife?
Èske fanmi w gen yon plan pou yo ka chape?

JIVENIL KI MET DIFE

Magre li kouran pou yo kirye nan afè dife, gen timoun ki limen dife pou lòt rezon. On chanjman oswa yon kirz tankou yon demenajman pou yal abite yon lòt kote, lanmò oswa divòs kab deklanche kompòtman ki fè yo limen dife. Kompòtman sa a gen dwa jan yon timoun aji paske li pè oswa li gen anksyete.

Si ou sispèk ke yon timoun ap jwe ak dife oswa li ap fè espere limen dife, kontakte **biwo FDNY la ki bay pwogram entèvansyon kont dife pou jivenil ki limen dife nan 718-722-3600** pou w sa jwen moun ki pou ède w.

Pwogram sa ofri ni edikasyon ni rekòmandasyon pou sèvis yo bay jèn moun ki nan afè jwe ak dife.

ALAM POU LAFIMEN SOVE VI

ALAM POU KARBON MONOXID SOVE VI

ALAM POU LAFIMEN SOVE VI

Yon mesaj sekirite piblik kont insandi ke cò ponpye new york city voye

**FD
NY**

MISYON NOU SE SEKIRITE W

AP SÈVI NEW YORK AK FIÈTE DEPI 1865



KISA PARAN AK MOUN KI AP PRAN SWEN TIMOUN KA FÈ!

- ✓ Fe yon rasanbleman alimèt ak brikè. Mande ti moun yo pou yo di w kote tout alimèt ak brikè yo ye lakay ou.
- ✓ Sere brikè ak alimèt yo yon kote ke yo paka wè ni yo paka rive sou li, li ta pi bon toujou si se nan yon bifèt oswa yon tiwa ki fèmen a kle. Sa se pou brikè ki gen plizyè itilizasyon oswa brikè pou limen babekyu.
- ✓ Tcheke anba kabann epi andedan bifèt pou wè si gen alimèt boule ak brikè ki sere. Apeprè mwaye timoun ki kòmanse mete dife te konn jwe ak alimèt oswa yon brikè deja.
- ✓ Sèvi ak yon apwòch “pa manyen” ak timoun ki gen mwens ke sink an. Mande yo pou yo montre w koye tout alimèt oswa brikè yo ye. Rekonpanse yo fè yo konpliman lè yo di w.
- ✓ Di pi gran timoun yo pou yo pote alimèt ak brikè yo ba ou.
- ✓ Si yon timoun sanble ke li kirye nan afè dife oswa li tap jwe ak dife, esplike l ak kalm men se pou ou fèm ke alimèt ak brikè se zouti yo ye, yo pa jwèt.
- ✓ Pa sèvi ak brikè kòm amizman pou timoun. Timoun yo gen dwa al chèche brikè a pou li imite w.
- ✓ Se pou yo aprann timoun ki pi gran yo kòman pou yo sèvi ak alimèt epi brikè san danje. Kiryosite yon timoun ka satisfè si ou fè l konfyans pou li sèvi ak alimèt nan bon kondisyon. Se pou mande timoun yo pou yo pwomèt ke yap sèvi ak dife sèlman devan yon paran.

- ✓ Pa janm kite yon timoun poukòl nan on pyès ki gen on bouji ki limen. Pa pèmèt ke tinejè mete bouji nan chanm yo.
- ✓ Se pou moun ki fimen gen konsyans ke gen timoun nan kay la epi kenbe bagay ke yo sèvi pou yo fimen yo on kote timoun paka wè ni manyen.
- ✓ Timoun oblije gen sipèvizyon. Pi fò dife ke timoun kòmanse, pran lè pa gen yon adilt ki ap veve yo.

Dapre kritè Federal bikèt ki gen plizyè izaj ansanm ak brikè sigarèt ta dwe gen blokaj-timoun. Men blokaj-timoun pa vle di ke timoun paka limen yo. Timoun ki gen dezan sèlman kapab limen yon brikè ki gen plizyè izaj ak yon brikè sigarèt.

TWA PI GWO KONSÈY FDNY BAY POU SEKIRITE KONT ENSANDI

1 METE DETEKTÈ POU LAFIMEN AK MONOKSID KABÒN


Teste yo souvan pou asire ke yap mache. Ranplase pil yo de fwa pa an lè wap chanje lè nan revèy ou pou ane a.

2 GEN YON PLAN SOVTASJ POU MOUN LAKAY OU POU YO SA CHAPE DIFE

Devlope yon plan sovtaj ak fanmi w pou si gen dife. Fè pratik plan an. Davans genyen yon kote tout moun ka kontre deyòt kay la.

3 FÈ YON ENSPEKSYON SEKIRITE

Fè enspeksyon sekirite pou w tcheke danje pwobab nan kay la. **Elimine yo.** Fè aseke chak pyès gen sekirite kont dife.



ALAM POU LAFIMEN SOVE VI

ALAM POU KARBON MONOXID SOVE VI

ALAM POU LAFIMEN SOVE VI



**CÒ PONPYE
VIL NEW YORK**
9 METRO TECH CENTER
BROOKLYN, NEW YORK 11201-3857

Asire ak
**INITE EDIKASYON FDNY &
BIWO INFÒMASYON PIBLIK FDNY**
www.nyc.gov/fdny
www.fdnymfoundation.org

